Leson 7.5 Konpare mwayen transpò

Konsiy

Itilize ekspresyon sa yo pou konpare mwayen transpò sou paj sa a:

- Pi gwo pase...
- Pi piti pase..
- Pi rapid pase..
- Pi dousman pase...

Kreyon ak Egzagòn vektè grafik pa Vecteezy

© 2021 dwa dote TSNE MissionWorks. Tout dwa rezève.

Lakou Kajou byen kontan w deside aprann avèk nou semèn sa a ! Si w te manke yon leson, mwen ekri aktivite ki ale ak chak leson pou ou.

CHAPIT 7 SEMÈN TRANSPÒ

Leson 7.1 *Emota*

Lendi

Materyèl : Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou koute istwa *Emota*. Mande li ou kòman li santi l jodi a ? Mande li desine yon kamyonèt ak imaj sou li ki montre sa li santi l jodi a.

Leson 7.2 Mwayen transpò

Madi

Materyèl : Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou fè yon desen pou montre plizyè mwayen transpò. Mande l fè yon desen ki gen tout moun lakay li k ap soti, men yo chak ap sòti sou yon mwayen transpò diferan.

Kreyon ak Egzagòn vektè grafik pa Vecteezy

© 2021 dwa dotè TSNE MissionWorks. Tout dwa rezève.

Leson 7.3 Diferan kategori transpò

Mèkredi

Materyèl : Kreyon, fèy papye

Site kèk mwayen transpò epi mande timoun ou ki mwayen transpò ki se transpò terès, transpò maritim, oswa transpò ayeryen :

- Moto
- Chaloup
- Tren
- Elikoptè
- Bourik
- Kannòt
- Kamyon

Mande timoun ou fè yon desen pou montre mwayen transpò li pi renmen an.

Leson 7.4 Polisyon nan mwayen transpò

Jedi

Materyèl : Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou chwazi youn nan mwayen transpò yo, desinen li sou yon papye, epi di si li bay polisyon oswa lè pwòp.

Leson 7.5 Konpare mwayen transpò

Vandredi

Materyèl : Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou konpare gwosè ak rapidite ant bisiklèt ak avyon. Si li renmen vitès, mande l fè desen yon mwayen transpò ki rapid. Si li renmen ale dousman, mande l fè desen yon mwayen transpò ki dousman.

Kreyon ak Egzagòn vektè grafik pa Vecteezy

© 2021 dwa dotè TSNE MissionWorks. Tout dwa rezève.